RINGKESAN

Devi Nurazizah. 2026. ***Ngalarapkeun E-Worksheet PjBL dumasar kana AR dina Pangajaran Biologi Konsép Serangga pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Milarian Informasi*** **Peserta Didik.** ***Diaping ku*** **Dr. Ida Yayu Nurul Hizqiyah, S.Pd., M.Si. sareng Dr. Fitri Aryanti, S.T., M.Pd.**

Kamekaran téknologi informasi ngajembaran kasempetan peserta didik pikeun ngahontal rupa-rupa sumber informasi. Kaayaan ieu meryogikeun kaparigelan milarian informasi sangkan peserta didik mampuh ngaidéntifikasi, milih, sarta ngamangpaatkeun informasi kalawan éféktif dina prosés pangajaran. Kaparigelan milarian informasi kacida diperyogikeunana dina pangajaran ékosistem, lantaran ieu matéri meryogikeun pamahaman konsép sarta kamampuh nganalisis sacara jembar tur jero. Kawatesanan dina maluruh jeung ngolah informasi mibanda poténsi pikeun ngabalukarkeun kasalahpahaman kana konsép anu dipaluruh. Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun nganalisis éféktivitas panggunaan e-worksheet Project Based Learning (PjBL) dumasar Augmented Reality (AR) kana kaparigelan milarian informasi peserta didik. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan rarancang pre-experimental ngaliwatan one group pretest-posttest design jeung one shot case study. Sampel dina ieu panalungtikan ngawengku 30 peserta didik kelas X-3 SMA Pasundan 2 Bandung anu dipilih ngagunakeun téhnik purposive sampling dumasar kana kasadiaan sarana digital. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén rata-rata perséntase kaparigelan mikarian informasi ngahontal 83% kalawan katégori hadé, sedengkeun sebaranana didominasikeun ku katégori hadé pisan kalawan perséntase 57%. Analisis N-Gain didominasikeun ku katégori luhur kalawan perséntase 66%. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén panerapan e-worksheet PjBL dumasar AR mampuh ngaronjatkeun kaparigelan milarian informasi sarta pamahaman konsép peserta didik.

Kecap Konci: *augmented reality, ékosistem, e-worksheet, kaparigelan milarian informasi, project based learning*